



LOJMAN AK DEVLOPMAN KOMINOTÈ (HOUSING AND COMMUNITY DEVELOPMENT, HCD)

Premye Faz Ouvèti Lis Datant Bon dacha ki baze sou pwojè ak anplasman

KESYON YO POZE PI SOUVAN (FAQS)

1) [KIYÈS KI KA APLIKE PANDAN PREMIE FAZ LA?](#)

Premye Faz la louvri pou kandida ki sou Lis Datant 2024 ki baze sou Lokatè a.

2) [KISA PWOGRAM ASISTANS BON DACHA KI BAZE SOU PWOJÈ \(PROJECT-BASED VOUCHER, PBV\) A YE?](#)

Pwogram asistans bon dacha ki baze sou pwojè (Project-Based Voucher, PBV) a se yon patii nan pwogram Bon Chwa Lojman Miami-Dade (Miami-Dade's Housing Choice Voucher, MDHCV). Pwogram PBV a bay fanmi ki genyen revni ki fèb yo asistans pou lokasyon, avèk sibvansyon ki lye ansanm ak inite espesifik nan yon pwopriyete. Daprè pwogram PBV a, lokatè yo peye 30% nan revni ajiste yo chak mwa, plis nenpòt sèvis piblik aplikab pandan tout patisipasyon yo nan pwogram yo.

3) [KIJAN PWOGRAM ASISTANS BON DACHA KI BAZE SOU PWOJÈ \(PROJECT-BASED VOUCHER, PBV\) A DIFERAN DE PWOGRAM BOB CHWA LOJMAN AN \(HOUSING CHOICE VOUCHER, HCV\)](#)

Pwogram asistans bon dacha ki baze sou pwojè yo (Project-Based Voucher, PBV) lye asistans pou lokasyon ak inite espesifik nan yon pwopriyete pou yon tèm fiks. Yo refere aplikan ki kalifye yo dirèkteman nan pwopriyete a pou ranpli pòs ki vid yo. Kontrèman, pwogram bon chwa lojman an (Housing Choice Voucher, HCV) pèmèt patisipan yo itilize bon ki baze sou lokatè yo pou yo chwazi yon apatman nan mache prive lokasyon an. Anplis de sa, patisipan PBV yo dwe satisfè yon kondisyon pou lokatè 1 lane nan pwopriyete a pou yo vin kalifye pou yon bon ki baze sou lokatè lè youn vin disponib. An konparezon, patisipan HCV yo pa sijè a yon kondisyon pou lokatè.

4) [KISA LIS DATANT BON DACHA KI BAZE SOU PWOJÈ \(PROJECT-BASED VOUCHER, PBV\) AK ANPLASMAN A YE?](#)

Yon lis datant Bon dacha ki baze sou pwojè (Project-Based Voucher, PBV) ak anplasman an se yon lis ki kenbe pou pwopriyete espesifik k ap patisipe nan pwogram PBV a. Selon règlemantasyon federal 24 CFR 983.251(c)(6), kandida ki sou lis datant lokatè 2024 pou pwogram bon chwa lojman an nan Seksyon 8 la jwenn yo ofri yo posibilite pou yo mete yo sou lis datant ki baze sou anplasman sa yo.

5) [ESKE M OBLIJE SOUMÈT YON APLIKASYON SI MWEN TE ANREJISTRE ENTERÈ MWEN AN AVAN SOU PBV.MDVOUCHER.COM?](#)

Wi. Kandida ki te deja anrejistre enterè yo sou pbv.mdvoucher.com dwe soumèt yon aplikasyon pou Lis Datant PBV ki baze sou sit HCD yo pou konfime enterè yo ak plasman an sekirite sou Lis Datant PBV ki baze sou sit yo chwazi yo.

6) ESKE M OBLIJE SOUMÈT YON NOUVO APLIKASYON SI MWEN DEJA SOU LIS DATANT KI BAZE SOU LOKATÈ A?

Wi. Yo ap ofri kandida ki nan lis datant 2024 HCD a ki baze sou lokatè yo opòtinite pou aplike pou plasman sou lis datant PBV HCD yo. Kandida Lis Datant 2024 ki baze sou Lokatè ki aplike nan Lis datant Bon dacha ki baze sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV) ak anplasman yo pral plase sou Lis datant PBV yo dapre dat ak lè aplikasyon yo pou Lis datant 2024 ki baze sou Lokatè a. Plasman nan yon Lis Datant PBV ki baze sou anplasman an p ap gen okenn efè sou pozisyon aplikan an 2024 pou lis datant ki baze sou lokatè a.

7) KISA K AP PASE AK APLIKASYON POU LIS DATANT KI BAZE SOU LOKATÈ MWEN SI MWEN APLIKE POU LIS DATANT BON DACHA KI BAZE SOU PWOJÈ (PROJECT-BASED VOUCHER, PBV) YO?

Lè w ap aplike pou Lis datant Bon dacha ki baze sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV) Ak anplasman pa pral gen enpak sou estati w sou Lis Datant 2024 ki baze sou Lokatè a. Aplikasyon pou lis datant ki baze sou lokatè 2024 ou a ap rete aktif epi li pa p chanje si w aplike pou lis datant ki baze sou pwojè ak anplasman yo

8) ÈSKE M ELIJIB?

Tout moun ki gen 18 lane oswa plis elijib pou soumèt yon aplikasyon pou lis datant Bon dacha ki baze sou pwojè ak anplasman pou Lojman ak Devlopman Kominotè konte Miami-Dade lan (Housing and Community Development, HCD). Aplikasyon pou pwopriyete espesifik ap parèt sèlman si ou satisfè kritè kalifikasyon pwopriyete a.

9) ÈSKE MWEN ELIJIB POU M APLIKE POU PLIZYÈ LIS DATANT BON DACHA KI BAZE SOU PWOJÈ AK ANPLASMAN?

Wi, ou ka aplike nan plizyè lis datant bon dacha ki baze sou Pwojè ak anplasman si ou satisfè kritè kalifikasyon yo deziyen pou chak pwopriyete.

10) PANDAN KI PERYÒD APLIKASYON M LAN AP VALID?

Pwosesis soumèt aplikasyon Bon dacha ki baze sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV) ak anplasman an ap kòmanse lendi 31 mas 2025 a 08:00 a.m. epi l ap finivandredi 11 avril 2025 a 11:59 p.m.

Nan moman seleksyon an, kandida (yo) dwe satisfè deziyasyon pwopriyete a, kondisyon pwogram yo ak limit revni pou konpozisyon Fwaye Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) te etabli. Limit revni 2024 yo se fason sa a:

KONTE MIAMI-DADE – LIMIT REVNI POU ANE FISKAL 2024 - An vigè nan dat ki te 01 Avril 2024								
Konpozisyon Fwaye	1	2	3	4	5	6	7	8
Revni Anyèl Fwaye	\$39,750	\$45,400	\$51,050	\$56,750	\$61,300	\$65,850	\$70,400	\$74,950

Yo ap aksepte aplikasyon pou preferans kategori fanmi apre peryòd sa a. Aplikasyon an ap disponib an Anglè, Kreyòl ak Espanyòl.

11) KIJAN MWEN KA SOUMÈT APLIKASYON MWEN AN?

Aplikasyon pou Lojman ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade (HCD) Yo pral aksepte **Lis datant Bon dacha ki baze sou pwojè (PBV) ak anplas SÈLMAN** nan <http://miamidade.gov/projectbasedvoucher> owa lè w itilize Yo bay Kòd QR la isit la.

Kòd QR



Ou ka itilize yon laptop yon tablèt oswa nenpòt lòt aparèy ki ka konekte sou entènèt pou soumèt Fòmilè Aplikasyon w lan. Ou dwe gen aksè ak entènèt pou w ranpli Fòmilè Aplikasyon anliy lan. Pwosesis aplikasyon anliy lan pèmèt moun yo soumèt demann aplikasyon an nenpòt ki lè oswa nenpòt ki kote k ap bon pou yo, san konsidere orè travay yo, epi li elimine bezwen pou yo al kanpe nan yon liy byen long.

YO P AP ASEPTE OSWA RANN DISPONIB OKENN APLIKASYON PAPYE.

12) E SI MWEN PA GEN AKSÈ AK ENTÈNÈT?

Si ou pa gen aksè entènèt oswa yon aparèy pou konekte ak soumèt aplikasyon an epi ou bezwen asistans pou ranpli aplikasyon an liy y2025, ou gendwa ale nenpòt nan kote ki endike anba la yo ant **lendi 31 mas 2025 ak vandredi 11 avril 2025** lendi jiska vandredi, soti **8:00 a.m. rive 04:30**, esepite jou ferye, oswa pou enfòmasyon ou ka rele 311 oswa ou ka soumèt yon aplikasyon sou entènèt nenpòt ki lè pandan peryòd ouvè soumisyon aplikasyon sou entènèt la. Nou ankouraje w vizite sit entènèt HCD nan <http://miamidade.gov/projectbasedvoucher> pou plis kote ak/oswa enfòmasyon.

Biwo / Sant – Zòn	Adrès
Biwo Santrevil pou Pwogram Bon Chwa lojaman Miami-Dade	20 SE 3 rd Ave, Third Floor Miami, FL 33131
Biwo Pwogram Bon Chwa lojaman Miami-Dade nan Miami Gardens	1111 Park Centre Blvd Suite 104 Miami Gardens, FL 33169

13) KI ENFÒMASYON KI NESESE POU KONPLETE APLIKASYON AN?

Tanpri genyen enfòmasyon sa yo disponib pou Chèf fwaye a (Head of Household, HOH), Konjwen oswa Ko-Responsab:

- Non Konplè
- Jan
- Dat nesans
- Adrès postal aktyèl, nimewo telefòn, ak adrès imel
- Ras
- Etnisite
- Eitati Veteran
- Eitati Andikap ak/oswa Bezwen espesyal

Remak: Etnisite ak Ras yo kolekte pou rezon estatistik sèlman.

14) ÈSKE MOUN KI GEN ANDIKAPE KA JWENN ÈD POU RANPLI YON APLIKASYON?

Wi, moun ki andikape yo ka chèche konsèy pou yo ranpli aplikasyon an lè yo kontakte biwo pwogram HCV Seksyon 8 la nan (786) 654-8440, ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi jiska vandredi, eksepte jou ferye yo.

15) KÒMAN MWEN AP KONNEN SI APLIKASYON MWEN YO TE SOUMÈT?

Depi w fin bay tout enfòmasyon ki nesesè yo nan aplikasyon w lan, w ap resevwa yon nimewo konfimasyon pou w rekonèt aplikasyon an gen siksè.

16) SI MWEN SOUMÈT PLIS PASE YON APLIKASYON, ÈSKE MWEN TA DWE GEN PLIS CHANS POU YO CHWAZI MWEN POU YON ANPLASMAN SOU LIS DATANT YO?

Non, tout aplikasyon ki ranpli epi ki soumèt pandan peryòd ouvè soumisyon aplikasyon an sou entènèt yo plase sou lis datant yo dapre dat ak lè soumisyon an.

17) KONBYEN APLIKASYON YO PRAL CHWAZI POU PLASE SOU LIS DATANT YO?

Tout aplikasyon ki ranpli ak soumèt pandan peryòd soumisyon aplikasyon ouvè a pral plase sou lis datant yo dapre dat ak lè soumisyon an.

18) ÈSKE GEN PREFANS LÈ YO SELEKSYONE APLIKASYON?

Yo bay preferans pou kay ki satisfè kritè espesifik ki endike nan Plan Administratif HCD, ki gen ladan men pa limite a: **1) Lis datant 2024 ki baze sou lokatè, 2) Fanmi aksyon gouvènman an deplase 3) Rekòmandasyon nan Miami-Dade Homeless Trust, 4) Veteran 5) Rezidan sou plas ki elijib, 6) Fanmi ki gen dwa retounen, 7) Popilasyon vilnerab, 8) Moun ki gen bezwen espesyal, 9) Moun ki genyen andikap fizik ak 10) Moun ki gen pwoblèm pou tande/pou wè**

19) ÈSKE MWEN KA PALE AK YON MOUN SI MWEN GEN PLIS KESYON SOU PWOSESIS APLIKASYON AN?

Wi. Apati **lendi 31 mas 2025** ou ka kontakte biwo Bon chwa lojman Seksyon 8 Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè Konte Miami-Dade lè w rele **(786) 654-8440** ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi jiska vandredi, eksepte jou ferye yo.

20) SI YO CHWAZI MWEN, MEN MWEN DEPLASE PANDAN PWOSESIS LA. KIJAN MWEN KA METE ADRÈS MWEN AN AJOU?

Si yo chwazi w pou lis datant yo, y ap fè w konnen alekri nan adrès postal ak/oswa adrès imel yo bay sou simisyon an. Si w pa reponn ak notifikasyon nou yo, oswa si lèt ou a pa ka remèt, Y ap RETIRE NON OU NAN LIS DATANT YO.

Si w gen yon chanjman nan adrès, nimewo telefòn, revni oswa gwosè fanmi an, ou dwe avèti pwogram lan nan **10 jou ouvrab chanjman an**. TOUT CHANJMAN DWE EKRI EPI KA RANPLI SOU <https://mdvoucher.com/>

21) KILÈ MWEN AP KONNEN SI YO TE CHWAZI MWEN NAN LIS DATANT LAN?

Yo ap enfòmè kandida yo nan lòd yo te resevwa aplikasyon yo pandan inite yo vin disponib. Yo ap voye notifikasyon alekri nan adrès postal ak/oswa adrès imèl yo bay nan lè soumisyon an.

22) KISA K PASE APRÈ YO SELEKSYON NAN YON LIS DATANT BON DACHA KI BAZE SOU PWOJÈ (PBV) AK ANPLASMAN?

Kandida yo ap oblije ale nan yon randevou pou premye kalifikasyon pou ranpli yon aplikasyon pou kalifikasyon inisyèl. Pandan randevou sa a, kandida yo dwe soumèt tout dokiman obligatwa pou HCD pou detèmine si yo kalifye pou pwogram lan.

Si yo detèmine ou kalifye pou pwogram asistans Bon dacha ki baze sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV), yo ap refere w sou sit PBV a pou sibi pwosesis tès depistaj pwopriyete a. Si w satisfè kritè tès depistaj pwopriyete yo, y ap ofri w yon inite.

23) KISA KI PASE SI MWEN RETIRE ÒF PBV A?

Yo pral retire kandida ki refize òf PBV la nan lis datant Bon dacha ki sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV) ak anplasman an kote yo te refere yo.

24) KISA K PASE SI PWOPRIYETE A REFIZE ÒF PBV A?

Kandida pwopriyete a refize yo ap retire yo nan lis datant Bon dacha ki baze sou Pwojè (Project-Based Voucher, PBV) ak anplasman kote yo te refere yo a.

TANPRI SE POU W KONNEN: SE SÈLMAN NAN MOMAN SA W AP KA SOUMÈT YON DEMANN. HCD PAP JANM MANDE POU YON NIMEWO KAT KREDI OSWA MANDE YON RAPÒ KREDI POU OU APLIKE. SÈL SIT ENTÈNÈT POU APLIKE POU LIS DATANT BON DACHA KI BAZE SOU PWOJÈ AK ANPLASMAN SE: <http://miamidade.gov/projectbasedvoucher>

HCD pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, sèks, koulè, relijyon, eta sivil, orijin nasyonal, andikap, zansèt, oryantasyon seksyèl, idantite jan oswa ekspresyon jan, estatèl antanke yon viktim vyolans domestik, vyolans nan renmen oswa asèlman, sous revni, laj, gwosès oswa sityasyon fanmi nan aksè a, admisyon nan, oswa travay nan pwogram lojman oswa aktivite lojman. Si w bezwen yon entèprèt nan lang siy oswa dokiman nan yon fòm aksesib pou evenman sa, rele 786-469-2155, omwen 5 jou alavans. Itilizatè TDD/TTY yo ka kontakte Sèvis Florida Relay la nan 800-955-8771.